

Asbury Park Board of Education

Enskripsyon pou Lekol Primè

Chè Paran ak Responsab:

Nou swete ou byenvenu nan konmansman enstriksyon pitit ou. Nou menm nan Depatman Edikasyon Asbury Park la, nou byenkontan patisipe nan travay sa. Pou kounye a, nap fè enskripsyon elèv pou ane kap vini an. Si ou gen yon timoun ki gen pou l komanse lekòl, ou mèt vinn enskri-l Lundi jiska Vendredi pandan lekòl lè lekòl yo ouvè.


Men sa wap bezwen pote avèk ou:

- **Prèv adrès** ou: Lisans, yon Bill tankou gaz, elektrisite, oubyen dlo, papye kay tankou lwaye oubyen mortgage. Si se kay yon moun ou rete pou yon ti tan, ou dwe pote yon lèt notarye ki di sa ak prev adrès la.
- **Orijinal Ak de Nesans/Batistè** ak so leta-a.
- **Kanè Vaksen** timoun nan
- **Bilan sante (fiziko)** ki pa dwe gen plis de 1 an depi-l fèt.

Li nesèsè pou pote tout dokiman sa yo pou timoun nan ka enskri. Sekretè lekòl la ak enfimyè a gen pou yo cheke pyès sa yo. Ya fè-w konnen si gen lòt bagay wap bezwen pou pitit ou a ka kòmanse lekòl an Septanb. Wap gen opòtinite pou ou menm ak pitit ou a vini nan lekòl la pou ou wè kisa li pral aprann pou ane a epi tou pou fè konesans avèk profesè yo. Si ou ta gen kèk kesyon, ou mèt rele nan nimewo ki nan tèt lèt sa a.

Mesi Anpil,


Staff Depatman Edikasyon Asbury Park la.



Asbury Park Board of Education

DISTRICT ENROLLMENT FORM

Enfòmasyon sou Elèv la (Student Information)		
Non Lekòl la (School):		Dat Enskripsyon an (Registration date):
Non (First Name):	Dezyèm non (Middle Name):	Siyati (Last Name):
Non Jwèt (Nick Name):	Dat Nesans (Date of Birth):	Nasyonalitye (Ethnicity):
Klas (Grade Level):	Laj (Age):	Sèks (Gender):
Vil nesans (Birth City):	Pwovens nesans (Birth State):	Peyi Nesans (Birth Country):
Lang Prensipal (Primary Language):		Lang ki Pale Lakay (Home Language):
* Dat rantre nan USA (U.S. Entry Date):		*Premye rantre lekòl nan USA (First Entry U.S. School):
Adrès (Address):		Nimewo apatman (Apt Number):
Vil (City):		Zip:
Enfòmasyon sou Paran an (Parent/Guardian Information)		
Non (First Name):		Siyati (Last Name):
		Sa ou ye pou Timoun nan (Relationship to Student):
Telefòn Lakay (Home Phone):		Numewo Sèlfon (Cell Number):
Adrès (Address):		Numewo Apatman (Apt Number):
Vil (City):		Zip:
Lang prensipal (Primary Language):		Dat ou fèt (Date of Birth):
Adrès Travay (Employment Address):		Telefòn Travay (Employment Phone Number):
Eske paran an ap travay nan gouvènman? Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>		
Si wi, Ki Building:		Enstalasyon:
Enfòmasyon sou Paran an (Parent/Guardian Information)		
Non (First Name):		Siyati (Last Name):
		Sa ou ye pou timoun nan (Relationship to Student):
Telefòn Lakay (Home Phone Number):		Numewo selfòn (Cell Number):
Adrès (Address):		Numewo Apatman (Apt Number):
Vil (City):		Zip:
Lang Prensipal (Primary Language):		Dat ou fèt (Date of Birth):
Adrès Travay (Employment Address):		Telefòn Travay (Employment Phone Number):
Eske paran an ap travay nan gouvènman? Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>		
Si wi, ki Building:		Enstalasyon:
Lòt Lekòl Elèv la Te Ye		
Non Lekòl la:		Adrès:
Non Lekòl la:		Adrès:
Enfòmasyon pou Resansmen/ Lòt Timoun nan Fanmi a		
Non:		Dat Li fèt:
Non:		Dat Li fèt:



Asbury Park Board of Education

Kondisyon Akademik

(Academic History)

Pou nou ka bay yon ekselan pwogram enstriktif, nap mande-w reponn kesyon sa yo tranpri:

I. ANGLE KOM YON DEZYEM LANG/ BILENG

1. Ki Lang pitit ou a te aprann pale an premye? _____
2. Ki lang ou plis itilize lè wap pale ak pitit ou lakay ou?

3. Ki lang pitit ou an plis itilize lè lap pale avè w nan kay la?

4. Ki lang piti ou plis itilize lè lap pale ak frè-l oubyen sè-l?

5. Ki lang pitit ou plis itilize lè lap pale avèk lòt fanmi li?

6. Ki lang pitit ou plis itilize lè lap pale avèk zanmi li nan kay la?

II. ENFOMASYON SOU PWOGRAM EDIKATIF

Tanpri cheke nenpòt nan pwogram sa yo si pitit ou a te patisipe ladan yo:

PWOGRAM


KLAS

- | | |
|------------------------------------|-------|
| _____ ESEA, Chapter I | _____ |
| _____ ESL, Pwogram bileng | _____ |
| _____ State Compensatory Education | _____ |
| _____ Nosyon debaz (Basic Skills) | _____ |
| _____ Timoun ki Gen don | _____ |
| _____ Sèvis espesyal | _____ |
| _____ Okenn | _____ |

III. LOT ENFOMASYON TOUJOU

Tanpri ekri dat pitit ou an rantre nan peyi a: _____

KONDISYON SOSYAL: Tanpri ekri lòt enfòmasyon sou pitit ou a ke ou panse pwofesè a ka bezwen pou li konprann timoun nan e ede li pibyen: _____



Asbury Park Board of Education

Otorizasyon Pou Gade Dosye

(Authorization for Release of Records)

Non Elèv la _____ Dat li fèt _____

Nan ki klas li ye _____ NJ state ID# _____

Dosye pou yo Bay (cheke kiyès)

_____ Dosye konplè

_____ Resilta ekzamen (CTBS, CAT, OWA, STANFORD, WRAT, etc)

_____ Dosye Medikal

_____ Enfòmasyon Prezans nan Lekòl

_____ Dosye Child Study Team (Educational, Psychological, and social History Eval)

_____ Dosye koreksyon

_____ Tout lòt ankò

Yap voye dosye ou chwazi a/yo bay:

Cheke ki lekòl:

Mwen bay konsantman pou mete dosye yo deyò:

Siyati Paran/Moun Responsab La

Dat



Asbury Park Board of Education

Enfòmasyon Sou Sante (Health Services Information)

Pou nou ka bay meyè sèvis sante pou pitit ou, enfimyè lekòl la bezwen konnen detay sou sante timoun nan. Fè nou konnen si pitit ou a janm genyen bagay sa yo:

___ Las oswa pwoblèm respire

___ Alèji/ (a kisa) _____ Ki efè li fè _____ Epi Pen _____

___ Entènè lopital/Si wi pou ki rezon _____

___ Kriz, (type) _____ Medikaman _____

___ Enfeksyon zorey toutan _____

___ Medikaman chak jou - Non medikaman an/yo _____

___ Dòz _____ Konbyen fwa _____

___ Suk (malady dyabèt & Tretman) _____

___ Lòt pwoblèm sante _____

Non doktè _____ Telefòn li _____

Non asurans _____ Numewo ID _____


Mwen bay lekòl la otorizasyon pou-l bay staff li yo enfòmasyon sou sante pitit mwen depi li nesèsè pou yo konnen. Mwen reyalize ke se pou byen pitit mwen pandan li nan lekòl.

Mwen bay enfimyè lekòl la otorizasyon pou li kontakte tout moun ki bay pitit mwen swen defason pou li jwenn enfòmasyon pou li bay pitit mwen swen. Li ka mande tout sa-l bezwen, keseswa kanè Vaksen, Enfòmasyon sou Medikaman li oubyen sou eta mantal li.

Non timoun nan _____

Siyati Paran an

Dat



Asbury Park Board of Education

Pwogram Sevis Enfimye Lekol La (School Based Nurse Practitioner Health Services Program)

Chè Paran/Responsab:

“School-Based Nurse Practitioner Health Services Program” (Pwogram sèvis sante) ofri sèvis konplè nan domèn prevansyon, swen medical ak enfòmasyon pou elèv nan lekòl nou yo. Se VNA a ki opera pwogram sante a gratis pou tout timoun yo.

Pwogram sèvis santé a fonksyone pa mwayen yon enfimye praktisyen. Se yon enfimye ki genyen lisans pou idantifye maladi e bay tretman nan lekòl yo an kolaborasyon avèk yon doktè. Nan sèvis yo bay yo, wap jwenn egzamen avèk evaluasyon pwoblèm santé.

Yap fè nou konnen resilta yo epi yap ofri tretman oubyen yap voye nou al wè pwòp doktè pa nou. Depi nou mande e nou bay konsantman nou, nap bay tretman e nap fè suivi. Nap voye fax e nap rele doktè ou pou nou mete li okouran de tretman nou fè yo. Konsa, swen pitit ou ap rete konple nan men tout pwofesyonel yo. Silvoulè bannou enfòmasyon suivan yo ki vrèman nesèsè.

Tanpri ranpli fòm anba-a:

- Mwen bay konsantman-m pou Enfimye Praktisyen an egzamine pitit mwen _____ oka li ta malad oubyen li ta gen lòt pwoblèm sante ki ka anpeche li travay lekòl. **Wi_____ Non_____**
- **Mwen dakò ___/Pa dakò__** pou Enfimye Praktisyen an bay pitit mwen swen òdinè. Swen òdinè yo ka vle di bay Tylenol pou yon gwo lafyè.


KONPRANN BYEN: Nou pa yon sal urgans. Si timoun nan bezwen plis swen ke sa nou ka bay, nap rele 911. Nou pa chaje pou sa, ke pitit ou gen asirans ou non.

Mwen dechaje Lekòl Asbury Park sa-a, Konsèy Edikasyon an ak Asosiyasyon Enfimye kap Vizite Moun yo nan New Jersey (VNA of Central NJ) avèk nenpòt lòt nan ajan yo, ofisye yo mete anplis yo oubyen anplwaye yo de tout responsabilite, reklamasyon, domajman, depans, kòm konsekans nenpòt aksyon, aksidan, mankman, oswa sikonstans nan eta an rapò avèk lefèt ke pitit mwen itilize pwogram Enfimye Praktisyen nan Lekòl yo.

Lè mwen siyen, mwen sètifye ke map renonse a tout reklamasyon pou piti mwen. Kòm kondisyon pou itilize pwogram Enfimye Praktisyen nan Lekòl yo, mwen aksepte, selon sa lalwa pèmèt pou mwen pa antame, ankouraje, ede oubyen patisipe nan okenn aksyon oswa pousuit nan lajistis pou domajman, òdonans oubyen lòt kalite reparasyon, nan nenpòt ki tribunal leta oswa devan yon ajans administratif swa pou mwen, oubyen pitit mwen oubyen yon lòt moun anrapò avèk pwogram Enfimye Praktisyen Nan Lekòl yo.

Siyati Paran/Responsab _____ **Dat** _____

Non (en lèt detache) Paran/Responsab _____ **Dat** _____



Asbury Park Board of Education

Fòm Medikal

(Medical Home Form)

Non Elèv la _____ Dat li fèt _____

Adrès _____

Vil _____ State _____ Zip Code _____

Lekòl _____ Klas _____ Homeroom# _____

Pwofesè _____ Non Paran/Moun Responsab la _____

Tanpri ranpli enfòmasyon sa yo:

1. Doktè prensipal mwen oswa klinik mwen se _____

Adrès _____

Numewo Telefòn _____

2. Mwen **Pa Genyen** yon doktè


Cheke sitiyasyon ki pa-w la:

_____ Mwen pa gen Medicaid

_____ Mwen pa gen NJ KidCare

Siyati Paran an

Dat



Asbury Park Board of Education

Konsantman pou Bay Enfòmasyon pou Jwenn Rambousman Medicaid pou Sèvis pou Sante

(Consent for Release of Information to Access Medicaid Reimbursement for Health Related Support Services)

Depatman Edukasyon Asbury Park la patisipe nan yon system pwogram gouvènman federal la kote Medicaid ap peye lekòl nan New Jersey yo yon pòsyon depans pou sèvis edukasyon spesyal ki an rapò avèk sante, sèvis ke yo bay a timoun ki kalifye pou Medicaid.

Pitit ou ap kontinye resevwa sèvis san peye nan system sa-a. Tou senpleman, inisyativ nou pran an pral ede nou itilize o maximum lajan gouvènman federal la bay pou supòte edukasyon nan lokalite pa nou. Enfòmasyon ke wap bannou volontèman lè ou ranpli fòm sa-a pral sèvi pou rezon nou pale yo.

Silvouplè ranpli enfòmasyon anba epi siyen fòm nan. Aprè sa, voye li nan adrès yo ba ou a.

Non Timoun nan _____

(Premye Non)

(Dezyèm Non)

(Siyati)

Dat Nesans Timoun nan: ____/____/____

(Mwa)


(Jou)

(Ane)

Antanke paran/responsab timoun sa ki site anlè-a, mwen bay pèmasyon pou yo revele enfòmasyon ki nan dosye pitit mwen bay tout reprezantan ajans local ak leta tou senpleman pou Medicaid ka remèt yo sa yo depanse anrapò ak sèvis sante nan Pwogram Edukasyon Pèsonèl (IEP) pitit mwen.

Siyati: _____

Dat: _____



Asbury Park Board of Education

Sondaj sou Patisipasyon Paran - Tit I

(Title I Parent Involvement Survey)

Chè Paran/Responsab,

Paran Tit 1 yo dwe enplike nan desizyon konsènan fason 1% lajan an resèv pral itilize pou patisipasyon paran yo. Lekòl nou an kwè ke opinyon ou sou enfòmasyon lekòl ak aktivite ki konsène paran yo ekstrèmman enpòtan. Tanpri ranpli sondaj pi ba-a. Cheke ki opotinite ak sèvis ou ta renmen wè disponib nan system lekòl nou an.

Nou pral itilize sondaj sa-a pou nou devlope Règ ak Aktivite pou Patisipasyon Paran yo nan zafè lekòl nou.

Seleksyone tout sa ki aplike a ou menm:

Men bagay nou ta renmen ofri. Cheke sa ou ta renmen wè disponib oubyen patisipe ladan yo.


- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Konferans pou anrichi-w antanke paran | <input type="checkbox"/> Amelyore fason timoun ou wè tèt li |
| <input type="checkbox"/> Kou Anglè | <input type="checkbox"/> Kòman pou evite dwòg ak gang |
| <input type="checkbox"/> Kòman pou ekri yon CV pou travay | <input type="checkbox"/> Klas pou al pran GED |
| <input type="checkbox"/> Strateji pou amelyore randman elèv yo nan li ak ekri | <input type="checkbox"/> Club jwèt Echèk |
| <input type="checkbox"/> Konpetans nan òdinatè (computer) | <input type="checkbox"/> Kòman pou paran yo gere stress jounen jodi-a |
| <input type="checkbox"/> Ed pou granparan kap leve timoun | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon sou timoun kap nui e kap bat lòt timoun. (Yo rele sa Bullying) |
| <input type="checkbox"/> Pou timoun yo fè byen nan ekzamen NJ ASK | <input type="checkbox"/> Prepare timoun yo pou lekòl |
| <input type="checkbox"/> Konprann maladi ADHD e aji an konsekans | <input type="checkbox"/> Amelyore komunikasyon avèk pwofesè pitit ou |
| <input type="checkbox"/> Pwen itil pou manman kap leve tigason poukont yo | <input type="checkbox"/> Jwenn moun ki ka bay timoun yo bon direksyon |
| <input type="checkbox"/> Devlope yon system pou aprann lakay | <input type="checkbox"/> Idantifye maladi depresyon ak lòt pwoblèm mantal |
| <input type="checkbox"/> Veye kòman pitit ou ap itilize teknoloji | <input type="checkbox"/> Jwenn sa ou bezwen nan system Edikasyon Ameriken an (Panyòl ak Kreyòl) |
| <input type="checkbox"/> Dekouvri talan kay pitit ou | <input type="checkbox"/> Pale ak jèn yo sou sèks |
| <input type="checkbox"/> PTO (Oganizasyon paran ak pwofesè) | <input type="checkbox"/> PAC (Komite pou Ransèyman Paran yo) |
| <input type="checkbox"/> Lòt bagay ki pa la-a | <input type="checkbox"/> Lòt bagay |

Lè reyinyon yo (Chwazi youn): ___ AM ___ PM / ___ Lun ___ Mar ___ Mer ___ Jeu ___ Ven ___ Sam

Non Paran/Responsab: _____

Nimewo ki pi bon pou kontakte-w: _____ Email _____

Lekòl timoun nan: _____ Klas _____



Asbury Park Board of Education

Kontra ant Lekòl la e Paran/Responsab *(Authorization for Release of Records)*

Depatman Edikasyon Asbury Park la, avèk paran elèv ki patisipe nan aktivite, sèvis ak pwogram ke Tit 1, Pati A nan Ak Edikasyon Primè e Segondè (ESEA) finanse yo, dakò ke kontra sa-a prezante kòman paran, tout staff lekòl yo, ansanm ak elèv yo ap separe chay pou amelyore randman elèv yo e mwayen ke lekòl ak paran yo pral bati yon kolaborasyon ki pral ede timoun yo abouti a wo nivo Leta New Jersey a reklame yo.

Kontra sa-a ant lekòl ak paran ap antre an aksyon pou ane lekòl 2012-2013.

Responsabilite Lekòl yo


Depatman Edikasyon Asbury Park la pral:

1. Dispanse yon pwogram ak yon enstriksyon de gran kalite nan yon anvironman kap pèmèt timoun ki ladan yo remèt gwo randman ke Leta New Jersey a mande yo.
2. Oganize konferans ant paran ak pwofesè. Ya va pale de kontra sa-a nan fason ke li konsène pwogrè pèsonèl chak timoun.
3. Bay paran yo rapò sou pwogrè pitit yo. Pi presizeman, lekòl la va bay rapò nan fason sa yo (4 e 5)
4. Pèmèt paran yo rankontre ak staff yo. Pi presizeman, staff yo ap dispnib pou paran yo lè paran yo ta fè demand la e chak fwa ke sa nesèsè.
5. Bay paran yo opotinite pou yo sèvi kòm volontè e patisipe nan klas pitit yo. Epitou, yap kapab suiv sa kap pase nan klas yo lè yo fè demand la e chak fwa ke sa nesèsè.

Responsabilite Paran/Responsab yo

Mwen (Nou), antanke paran, pral sipòte edikasyon pitit mwen (nou) pa mwayen sa yo:

- Veye pou timoun nan ale lekòl.
- Gade si tout devwa fèt.
- Veye ki vale televizyon pitit mwen ap gade.
- Sèvi kòm volontè nan klas pitit mwen.
- Patisipe otanke posib nan desizyon anrapò ak edikasyon pitit mwen.
- Utilize tan ke timoun nan pase aprè lekòl nan yon fason pozitif.
- Rete okouran de edikasyon pitit mwen epi kominike avèk lekòl la lè mwen li tout lèt lekòl la oubyen Depatman Edikasyon an voye san pèdi tan, kèlkeswa si se timoun nan yo bay li ou byen li vini pa lapòs. Epitou, lè-m fin li, map reponn lèt sa yo.
- Sèvi si posib antanke mamb komite pou paran yo.



Asbury Park Board of Education

Responsabilite Elèv la

Mwen menm antanke elèv, map pataje responsabilite pou amelyore randman mwen nan lekòl e pou mwen rive nan wo nivo Leta mande a. Pi prezizeman map:

- Fè devwa mwen chak jou e map mande èd lè mwen bezwen.
- Li pou omwen 30 minit chak jou lè-m pa nan lekòl la.
- Remèt paran-m oswa granmoun ki responsab mwen an tout lèt ak lòt enfòmasyon mwen resevwa nan men lekòl la.

Depatman Edikasyon Asbury Park la ap:

1. Foure paran yo nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon prinsip pou paran yo patisipe nan lekòl la, yon fason ki byen òganize, pèmanan e san pèdi tan.
2. Enplike paran yo nan devlopman plan tout pwogram ki afekte tout lekòl la, yon fason byen òganize, pèmanan e san pèdi tan.
3. Oganize reyinyon chak ane pou enfòmè paran yo konsènan patisipasyon lekòl yo nan pwogram Tit 1, Pati A-a e pou esplike kondisyon pout Tit 1, Pati A avèk dwa paran yo pou yo patisipe nan pwogram Tit 1, Pati A yo. Lekòl yo va fè reyinyon an nan yon lè ki bon pou paran yo, e lap ofri yon lòt seri reyinyon swa nan maten oubyen aprèmidi, dekwa pou anpil paran ka asiste. Lekòl yo ap envite tout paran timoun ki nan pwogram Tit 1, Pati A pou yo vin nan reyinyon anyèl la e yap ankouraje yo nan sans sa-a.
4. Bay enfòmasyon menm jan pou tout paran timoun ki patisipe nan pwogram nan yon fason pou yo byen konprann. Epitou yap ofri lòt prezantasyon lè paran ki enfim yo ta mande e, toutotan li posib, yap fè sa nan lang ke paran yo ka konprann.
5. Bay paran elèv ki patisipe nan pwogram nan enfòmasyon atan konsènan pwogram Tit 1, Pati A yo, kote yap jwenn detay ak esplikasyon sou kou lekòl la bay, metòd pou evalye pwogrè elèv yo avèk degre konpetans elèv yo genyen.
6. Lè paran yo fè demand la, bay opòtinite pou reyinyon òdinè yo fèt dekwa pou paran yo ka ofri sikgesyon e patisipe, si sa konfòm, nan desizyon sou edikasyon pitit yo. Lekòl yo va reponn a sikgesyon sa yo ositoke posib.
7. Bay chak paran yon rapò pèsonèl konsènan rezilta pitit yo nan ekzamen Leta omwen nan Matematik, Lang avèk Lekti.
8. Mete chak paran okouran byen vit lè pitit li te pase nan men yon pwofese ki pa gen bon kalifikasyon selon definisyon nou jwenn nan Règ Tit 1, seksyon 200.56 (67 Fed. Reg. 71710, 2 Desanm 2002)- depi sa te fèt pou 4 semèn ou plis.

Siyati Direktè Lekòl la _____ Dat _____

Siyati Paran/Responsab _____ Dat _____

Siyati Elèv la _____ Dat _____